



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prensipal

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500
Miami, FL 33137
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

11285 SW 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

Monroe County

Telefòn-n: (877) 715-7464
TTD: (877) 715-7461

Passionately Committed to Equal Justice

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwoudi oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.

Manda pou Posesyon



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Pwojè pou Dwa Lokatè

Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)

<https://sites.google.com/site/reallsgmi>

www.lsgmi.org

KISA YON MANDA POU POSESYON YE?

Yon Manda pou Posesyon se yon « avi 24 trèdtan ». Se yon lòd lajistis ki di pou Cherif la mete w deyò ak tout sa ou posede ak tout moun ki lakay ou tou. Peryòd 24 trèdtan sa kòmanse lè yo kole Manda pou Posesyon an sou pòt kay ou a.

Si lè Cherif la tounen, ou pa deplase nèt, Cherif la ap deplase w, fanmi w ak tout bagay ki pou ou nan kay la. Cherif la ap mete w deyò menm si gen moun ki malad, moun ansent, oubyen yon lòt bon rezon kifè ou panse ou pa dwe deplase kite lakay ou.

KILÈ CHERIF AP RETOUNEN?

Jeneralman, Cherif la pap retounen nan 24 trèdtan, sòf si se ta pwopriyetè a te ekspedye (pou pi rapid) Manda pou Posesyon an. Si ou vle gen yon lide sou kilè Cherif la ap retounen pou l mete w deyò, rele sèvis Cherif la nan : **(305)-375-5100**. Di yo gen Manda pou Posesyon ki kole sou pòt lakay ou a. Prepare w pou bayo nimewo ka ou a. Kèk fwa, Cherif la ka bay ou yon estimasyon sou ki lè cherif la ap retounen pou fè w deplase, men, anpil fwa, yo pap ka fè l konsa.

KISA M KA FÈ POU M BLOKE CHERIF LA?

Si ou gen yon bon rezon ki fè cherif la pa ta dwe mete w deyò nan kay la, ou ta dwe fè yon dosye « Mosyon AnIjans pou Kanpe Manda pou Posesyon an ak Rekizisyon pou yon Odyans ». Sa se yon demand pou Jij la fè cherif pa mete w deyò.

KISA KI DWE NAN MOSYON IJANS LAN?

Mosyon Ijans lan dwe di 4 bagay:

1. Rezon ki fè cherif la pa ta dwe mete w deyò. Kèk rezon kapab:
 - Ou pat janm resevwa okenn kopi papyè pou degèpi a oswa dokiman la jistis sof Manda pou Posesyon an.
 - Ou bezwen yon ti tan anplis pou deplase paske gen yon moun ki malad nan kay la oubyen yon moun ki enfim.
 - Ou te peye pwopriyetè a aprè yo te fin monte dosye degèpi a epi pwopriyetè a te di w ou ka rete nan kay la.
2. Yon demand pou Jij la fè cherif la pa mete w deyò.
3. Yon demand pou Jij la tande w pou w ka dil fas a fas poukisa yo pa

ta dwe mete w deyò.

4. Nenpòt prev ki ka sipòte demand ou a (pa ekzanp resi ki montre ou peye).

Ou dwe voye pa faks oubyen bay li ak pwòp men pa w yon kopi Mosyon bay avoka pwopriyetè a ou bay pwopriyetè a menm si li pa gen avoka. W ap ekri nan Mosyon an jan ou te voye l la.

POU W PA PEYE FRÈ APLIKASYON AN

Genyen yon frè \$25.00 or \$50.00 pou fè Mosyon Ijans pou Elimine Manda pou Posesyon an. Sa depann de konbyen lajan pwopriyetè a te mande w. Men, genyen yon “Aplikasyon pou Detèmine Estavi Sivil yon Endijan” ki ekate frè a pou moun ki gen salè ki ba anpil.

KIJAN POU M FÈ YON MOSYON ANNIJANS POU RETIRE MANDA POSESYON EPI MANDE POU YON ODYANS?

Menm kote yo kole Manda pou Posesyon an nan pòt kay ou ya, ou dwe byen vit fè Mosyon Ijans lan. Depoze mosyon an ak Komi Tribinal la nan tribinal kote ka a te klase a. Si ou pa konnen ki Jij ki sou ka pa w la oubyen nan ki tribinal pou ale, rele tribinal la nan (305)275-1155. Epi, pote yon kopi mosyon an bay nan Sal Jij la. Sèl moun ki ka anpeche Cherif la mete w deyò nan kay la se Jij ki te bay lòd pou pibliye Manda pou Posesyon an.

KISA POU M FÈ SI JIJ LA DAKÒ AVÈ M EPI LI AKÒDE MOSYON AN?

Mande Komi tribinal la oubyen asistan jidisyè jij la pou li voye pa faks yon kopi lòd ki aksepte mosyon ou a bay cherif la. Sa ap anpeche cherif la retounen pou l vin mete w deyò lakay ou. Epi tou, asire w ke ou genyen yon kopi lòd avèk ou lakay ou.

Li posib anpil pou Jij la mande w ale nan medyasyon oubyen pran yon lòt randevou pou l tande w. Si Jij la mande w pou fè yon depo lwaye avèk tribinal la, ou dwe fè li nan dat limit yo ba w la.
